

**CERBUNG PUNGGEL ANGGITANE ISMOE RIANTO:
TINTHINGAN ANTROPOLOGI SASTRA**

Rohmah Tri Susanti

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA (rohma_sesanti@yahoo.co.id)

Abstrak

Cerbung *Punggel* anggitane Ismoe Rianto iki narik kawigaten, amarga ngandhut perangan-perangan kang sadurunge ora dingerten dening saperangan bebrayan ing jaman saiki. Perangan-perangan kasebut diangkat saka budaya leluhur, kayata panguripane wong Jawa kang isih percaya marang adat, mitos, lan mistik. Adhedhasar kahanan kasebut, cerbung *Punggel* iki bakal kadhudhah nggunakake tinthingan antropologi sastra. Undherane panaliten iki, yaiku 1) kepriye aspek tematis sajrone cerbung *Punggel* anggitane Ismoe Rianto, 2) kepriye gegambarane adat panggih temanten Jawa sajrone cerbung *Punggel* anggitane Ismoe Rianto, 3) kepriye gegambarane mitos sajrone cerbung *Punggel* anggitane Ismoe Rianto, lan 4) kepriye gegambarane mistik sajrone cerbung *Punggel* anggitane Ismoe Rianto.

Panliten kang nggunakake tinthingan antropologi sastra iki mujudake panliten *kualitatif deskriptif*. Data kang dianalisis arupa tembung-tembung, ukara, lan wacana kang dijupuk saka sumber data, yaiku cerbung *Punggel* anggitane Ismoe Rianto kang kapacak ing Panjebar Semangat edhisi 33 nganti teka edhisi 48. Data-data kasebut dikumpulake kanthi nggunakake teknik waca, pilih, lan cathet. Analisis data kang digunakake ing panliten iki yaiku *deskriptif analitik*. Teori kang digunakake kanggo nganalisis data yaiku teori antropologi sastra, mligine ngenani adat panggih temanten Jawa, mitos, lan mistik.

Asile panliten nuduhake yen masyarakat sajrone cerbung *Punggel* isih tansah ngugemi adat panggih temanten kang bisa diwawas saka tumindak-tumindake para paraga nalikaadicara panggih temanten. Paraga isih nindakake tata cara panggih temanten kanthi runtut. Masyarakat sajrone cerbung uga isih percaya marang mitos-mitos kang wis dadi kapitayane para leluhur wiwit biyen. Mitos-mitos kasebut bisa menehi pratandha lan bebener marang masyarakat kang percaya. Kejaba adat panggih temanten lan mitos, babagan mistik uga isih dipercaya dening masyarakat sajrone cerbung. Babagan iki bisa ditilik saka paraga-paraga kang percaya marang bab-bab gaib.

PURWAKA

Budaya mujudake sawijine tatanan urip kang didarbeki dening sawijine kelompok pawongan lan diwarisake kanthi cara turun temurun. Kabudayan mesti ana sesambungan karo masyarakat. Herskovits lan Malinowski ngandharake yen sakabehane bab kang ana sajrone masyarakat iku ditemtokake dening kabudayan kang diduwensi dening masyarakat dhewe (<http://id.wikipedia.org>). Andharan kasebut disengkuyung dening Tylor (sajrone Sukarman, 2006: 20) kang ngandharake yen kabudayan iku minangka sakabehane babagan kang kompleks, kang ngandhut kawruh, kapercayan, kasenian, moral, hukum, adat istiadat, lan liya-liyane kang dipikolehi manungsa minangka masyarakat.

Masyarakat Jawa nduweni budaya kang luhur banget. Masyarakat Jawa mujudake sawijine masyarakat kang pamawas uripe tansah linandhesan adat-istiadat. Adat-istiadat isih ana lan ngrembaka ing tanah Jawa wiwit biyen nganti tumekane saiki. Adat-istiadat mujudake warisan budaya kang tansah diugemi dening bebrayan Jawa. Kabudayan Jawa bisa digayutake karo reriptan sastra, mligine sastra Jawa. Sastra mujudake salah sawijine asil reriptanne manungsa kang nduweni pangaribawa marang panguripane manungsa. Salah sawijine reriptan sastra kang kerep nggamarake kahanan

kabudayane manungsa yaiku cerbung. Cerbung yaiku reriptan kreatif kang kapacak ing kalawarti utawa media liyane kang akeh nggamarake panguripan sosiale masyarakat.

Cerbung nduweni carita kang dawa kanthi urutan kedadeyan kang kompleks padha karo novel. Kalorone uga nduweni unsur pamangun kang padha, yaiku unsur *intrinsik* lan unsur *ekstrinsik*. Pambda antarane cerbung lan novel mung ing cara kapacakane lan media panerbitane. Novel kapacak langsung arupa buku, dene cerbung kapacak kala tartamtu kanthi sambung-sinambungan, lumantar kalawarti-kalawarti basa Jawa.

Salah sawijine pangripta kang kawentar lan uga kerep nulis cerbung ing kalawarti-kalawarti Jawa yaiku Ismoe Rianto. Ismoe Rianto kalebu pangripta ing periode 1970-an. Ing jagade kasusastran Jawa, Ismoe Rianto kagolong pangripta kang kawentar lan produktif. Asil reriptane kerep kapacak ing kalawarti-kalawarti basa Jawa. Reriptan kang wis ditulis dening Ismoe Rianto akeh banget, kayadene artikel, naskah drama, cerkak, lan cerbung. Cerbung *Punggel* anggitane Ismoe Rianto iki narik kawigaten, amarga nduweni gaya crita kang nengsemake pamaos. Bab iki bisa diwawas saka anggone nggamarake pamaragan kanthi cara dramatik, alur crita kang muyeg, lan latar kang katon urip. Basa kang digunakake uga basa padinan kang gampang

dimangerten, mula pamaos katarik kawigatene kanggo maos reriaptane.

Kejaba iku, cerbung *Punggel* iku uga ngandhut perangan-perangan kang sadurunge ora dimangerten dening saperangan bebrayan ing jaman saiki, amarga diangkat saka budaya leluhur, kayata anggone nyritakake panguripane wong Jawa kang isih percaya marang adat, mitos, lan mistik. Kang katelah adat yaiku pakulinan-pakulinan kang tuwuh lan ana sajrone masyarakat utawa daerah, lan tansah dipatuhi dening masyarakat. Mitos yaiku rerangkene crita kang ana lan dipercaya sajrone bebrayan kanthi cara turun temurun ngenani kapitayane para leluhur. Dene mistik yaiku Bab-bab gaib kang ora kagayuh dening akale manungsa lumrah.

Adhedhasar gayute cerbung *Punggel* lan kabudayane leluhur mau, mula cerbung *Punggel* iku bakal dihudhah nganggo tinthingan *Antropologi Sastra*. *Antropologi Sastra* aweh kawigaten marang manungsa minangka *agen kultural*, sistem paseduluran, sistem mitos, lan pakulinan-pakulinan liyane (Sudikan, 2007:1). Tinthingan antropologi sastra digunakake kanggo ndhudhah babagan adat panggih temanten, mitos lan mistik kang ana sajrone cerbung *Punggel*. Panliten iki nggunakake irah-irahan *Cerbung Punggel Anggitane Ismoe Rianto: Tinthingan Antropologi Sastra*. Panliten iki muga bisa menehi paedah tumrap para pamaos kanggo nambah kawruh ngenani budaya Jawa, mligine ngenani adat panggih temanten, mitos lan mistik kang ana sajrone bebrayan Jawa.

Tujuwan saka panliten iki yaiku ngandharake aspek tematis, adat panggih temanten Jawa, mitos, mistik sajrone cerbung *Punggel* anggitane Ismoe Rianto. Sajrone ngandharake bab kasebut digunakake teori antropologi sastra. Awit saka iku, prelu anane andharan gegayutan tumrap konsep lan teori sing digunakake.

Miturut Koentjaraningrat (1980: 1), antropologi mujudake ilmu kang ngrembug babagan *makhluk anthropos* utawa manungsa minangka sawijining integrasi saka maneka ilmu kang nyinaoni babagan prakara-prakara kang mligi ngenani manungsa. Pamawas iku disengkuyung dening Ratna (2009: 63), kang uga ngandharake yen antropologi mujudake ilmu pengetahuan ngenani manungsa sajrone masyarakat.

Antropologi sastra dumadi saka rong tembung, yaiku antropologi lan sastra. Antropologi (*anthropos + logos*) tegese ilmu ngenani manungsa, yen sastra (*sas + tra*) ateges piranti kanggo mulang. Miturut Ratna (2011: 6) antropologi sastra bisa diarani minangka ilmu kanggo nganalisis reriaptan sastra kang ngandhut unsur-unsur antropologi. Kanthi cara *definitif*, Ratna (2009: 351) ngandharake yen antropologi sastra iku pasinaon ngenani reriaptan sastra karo relevansi manungsa (*anthropos*). Antropologi dhewe bisa diperang dadi rong werna yaiku

antropologi fisik lan antropologi kultural, dene antropologi sastra gegayutan karo antropologi kultural, kanthi reriaptan-riertiaptan kang diasilake dening manungsa.

Endraswara (2008: 109) nggolongake antropologi sastra sajrone pamarekan *arketipal* yaiku tinthingan tumrap reriaptan sastra kang ngrembug bab warisan budaya ing wektu kapungkur. Warisan budaya kasebut bisa kagambar sajrone reriaptan-riertiaptan sastra klasik lan modern. Miturut Ratna (2011: 73) *Antropologi sastra* mono gegayutan marang tradhisi, adat-istiadat, mitos, lan kedadeyan-kedadeyan kabudayan kang umum, minangka kedadeyan kang nduweni khas lan gegayutan karo kedadeyan jaman biyen.

Adat mujudake pakulinan-pakulinan kang tuwuh lan ana sajrone masyarakat utawa daerah, lan tansah dipatuhi dening masyarakat. Miturut Poerwadarminta (1937: 12), adat yaiku 1) tatacara kang wis kelumrah (wiwit biyen mula) kalumrahan, 2) lumrahe kaya kang wis tumindak, 3) waton (ing nagara) kang wiwit kuna. Miturut Widodo (2006: ...) panggih temanten mujudake pungkasane adicara saka saperangan-saperangan tata upacara neningkahan adat Jawa. Panggih temanten mujudake pethuke penganten lanang lan penganten wadon kanthi nggunakake busana penganten utawa paes ageng, sawise adicara ijab qobul.

Perangan kabudayan kang gegayutan karo antropologi yaiku mitos. Mitos wis suwe dikenal dening masyarakat, luwih-luwih masyarakat Jawa. Mitos bisa diarani sawijine wacana (carita, asal-usul, utawa kapitayan) kang pantangane ora oleh diterak. Levi-Strauss sajrone Endraswara (2008: 110-111) ngandharake yen Mitos mujudake perangan saka basa lan sastra kang kudu dituturake.

Mistik uga mujudake perangan kabudayan kang bisa digayutake karo panliten antropologi. Mistik yaiku bab-bab gaib kang ora kagayuh dening akale manungsa, nanging ana lan nyata. Miturut Geertz (1989: 415) mistik ing Jawa mujudake *metafisika terapan*, rerangkening aturan praktis kanggo luwih mangerteni panguripan batine manungsa kang adhedhasar analisa intelektual utawa pengalaman. Endraswara (2006: 39) ngandharake, mistik kejawen yaiku minangka pelaku budaya Jawa kang ngupaya kanggo nyaketake dhiri marang Gustine.

Babagan perangan-perangan kabudayan kaya ing andharan mau bisa ditemokake ing reriaptan sastra. Salah sawijine yaiku cerbung. Salah sawijine *genre* sastra Jawa modern yaiku carita sambung, kang kawitan diarani “Feuilleton”, banjur “Tjrita Sesambungan”, lan wekasane “Tjrita Sambung-sinambungan” (Damono, 1993:68). Cerbung yaiku carita kang kapacak ing kalawarti utawa media liyane. Cerbung kapacak kanthi sinambungan ing sawijine kalawarti, miturut edisi kang arep diandharake pangripta tumrap reriaptanne.

METODHE

Penliten iki mujudake panliten deskriptif kualitatif. Sumber data sing digunakake yaiku cerbung *Punggel* anggitane Ismoe Rianto kang kapacak ing kalawarti Panjebar Semangat taun 2004. Data kang bakal dianalisis arupa tembung-tembung, ukara, lan wacana kang ana sajrone cerbung *Punggel*. Sajrone nglumpukake data kasebut digunakake teknik waca, pilih, lan cathet. Sajrone ngandharake lan njlentrehake data digunakake metode deskriptif analisis kanthi tinthingan antropologi sastra.

Tata cara analisis data sing ditindakake sajrone panliten iki yaiku 1) maca lan nyinaoni cerbung *Punggel* bola-bali kanthi tliti, 2) nengeri lan nyatheti perangan-perangan crita kang ngemu surasa wigati, 3) nganalisis data kang ana gegayutane ngenani adat panggih temanten Jawa kang ana sajrone cerbung *Punggel*, 4) nganalisis data kang ana gegayutane ngenani mitos kang ana sajrone cerbung *Punggel*, 5) nganalisis data kang ana gegayutane ngenani mistik kang ana sajrone cerbung *Punggel*, 6) nggawe dudutan saka asile analisis data kang ana sajrone cerbung *Punggel* anggitane Ismoe Rianto.

ANDHARAN

a. Gegambarane Adat Panggih Temanten Jawa Sajrone Cerbung Punggel

(1) Balang Gantal

Balang gantal utawa sadak kinang mujudake tatacara kang sepisanan nalika penganten kekarowis teka ing papan panggih. Ing cerbung *Punggel* iki, balang gantal dilakoni dening paraga Samino lan Juwariah nalika dadi mantan. Nalika dadi mantan, kekarone isih netepi adat Jawa, mula kekarone isih nglakoni balang gantal. Nalika wis tumekaadicara panggih temanten, kekarone ngadeg adhep-adhepan. Sawise krungu aba saka pranatacara lan juru paes, kekarone banjur mbalangake gantal kang wis dicekel ing tangane. Bisa diawas saka pethikan rerangkening kedadeyan ngisor iki:

Samino lan Juwariah ngadeg adu arep wataro rong meteran. Adu sesawangan. Adu esem. Banjur rebut dhisik mbalangake sadak kinang. Lintungan suruh mawa iketan benang lawe. Juwariah jumangkah nyedhak. (*Rianto, PS.1-2004: 20*).

(2) Ngidak Endhog lan Wijik Sekar Setaman

Sajrone adat panggih temanten, tatacara kang kudu dilakoni sawise balang gantal yaiku ngidak endhog lan wijik sekar setaman. Tatacara ngidak endhog wiji dadi iki kang nglakoni yaiku penganten lanang. Samino ngidak endhog kang wis diseleh dening Juwariah. Sawise

ngidak endhog nganti remuk, banjur genti Juwariah mijiki sikile Samino kang gupak endhog. Banyu kang dienggo mijiki dijupuk saka bokor kencana kang wis diisi sekar setaman. Bab iki bisa ditilik saka rerangkening kedadeyan ing pethikan ngisor iki:

... Sawise Samino ngidak endhog nganti remuk, Juwariah mbilasi dlamakane Samino sing gupak pecahan endhog nganggo banyu sing dicidhuk saka bokor kencana... (*Rianto, PS.1/2004: 20*).

(3) Unjukan Tirta Wening lan Sinduran

Tatacara unjuk tirta wening lan sinduran iki dilakokake dening Bapak lan Ibune penganten wadon marang penganten kekarow. Sabubare Juwariah mijiki sikile Samino, Pak Mitro nulungi Juwariah banjur dijejerake Samino. Bu Mitro banjur ngombekake tirta wening marang Samino lan Juwariah. Kaya adate, tatacara iki dikarepake supaya Samino lan Juwariah bisa kabukak pikire, lan bisa mikirake perkara bale wismane kanthi wening. Bisa diawas saka rerangkening kedadeyan ing pethikan ngisor iki:

... Pak Mitro lan Bu Mitro mara nyedhak. Pak Mitro nulungi Juwariah, dituntun dijejerake Samino. Bu Mitro ngulungake gelas isi banyu marang lambene Samino lan Juwariah... (*Rianto, PS.1/2004: 20*).

Sawise Bu Mitro ngombekake tirta wening marang Samino lan Juwariah, banjur nglakoni adat sabanjure yaiku sinduran. sindur dipasangake ing mburi awake penganten kekarow, banjur Pak Mitro lan Bu Mitro narik pucuk-pucuke kain karo nggiring penganten kekarow menyang kwadhe. Bab iki bisa diawas saka rerangkening kedadeyan ing pethikan ngisor iki:

... Banjur njeber slendhang kembang-kembang werna dhasare jambon ing mburine mantan sakloron. Pak Mitro sisih kiwa, Bu Mitro sisih tengen. Sabanjure nggiring penganten sarana semu narik pucuk slendhang, nganti mapan lungguh kwadhe. (*Rianto, PS.1/2004: 20*).

(4) Sungkeman

Sungkeman mujudake saperangan kang paling wigati saka adat panggih temanten. Sungkeman mujudake tandha yen penganten kekarow bakal bekti marang wong tuwane, senajan iku wong tuwa saka penganten wadon utawa penganten lanang. Tatacara sungkem ing cerbung iki uga dilakoni dening Samino lan Juwariah. Sawise nggiring Samino lan Juwariah menyang kwadhe, Pak Mitro lan Bu Mitro lungguh ing kursi sisihe kwadhe. Temanten kekarow banjur sungkem marang Pak Mitro lan Bu Mitro. Sungkem mung dilakoni temanten

marang Pak Mitro lan Bu Mitro wae, amarga wong tuwane Samino ora teka, semono uga kaluwargane ora ana kang teka. Bisa ditilik ing pethikan rerangkening kedadeyan ngisor iki:

Juru paes menehi sasmita marang Pak lan Ibu Mitro supaya mapan lungguh ing kursi sisih tengene kwadhe. Manten menyat bebarengan. Samino sungkem marang Bu Mitro, Juwariah sungkem marang Pak Mitro. Banjur genti, Juwariah sungkem Bu Mitro, Samino sungkem Pak Mitro. (Bu Peni nglirik pranatacara. Sing dilirik manthuk tanggap), (*Rianto, PS.1/2004: 20*).

(5) Dulang Pungkasan lan Dhahar Saklimah

Dulang pungkasan nduweni teges yen sabubare dadi mantan, wong tuwa wis ora ana tanggungan maneh. Sakabehane kabutuhan wis dadi tanggungane bojone. Ing cerbung *Punggel* iki, dulang pungkasan dituduhake Pak Mitro lan Bu Mitro kang ndulang Juwariah nalikaadicara temantenan. Tegese, sawise palakrama Pak Mitro lan Bu Mitro wis ora nduweni tanggung jawab maneh marang Juwariah. Bisa diawas saka pethikan kang nuduhake panganggone basa rinengga ing ngisor iki:

“Dulang pungkasan menika minangka tetenger, manawi dalu menika inggih dalu ingkang pungkasan tumrap dhiajeng Dyah Juwariah anggenipun dados tanggel jawabipun tiyang sepuh. Wiwit mbenjang sesarengan mletheke Baskara, pejah gesangipun dhiajeng Dyah Juwariah sampaun pasrahake dumateng dhimas Samino...” (*Rianto, PS.1/2004: 20*).

Adat dhahar saklimah uga dileksanakake ing cerbung iki. Dhahar saklimah yaiku dulang-dulangan kang dilakoni dening temanten kekar. Semono uga kang dilakoni Samino lan Juwariah nalikaadicara mantenan. Samino lan Juwariah dulang-dulangan sega punar kang wis dicepakake. Bab iki bisa diawas saka pethikan rerangkening kedadeyan ing ngisor iki:

... Banjur dulang-dulangan. Minangka pralambang manunggaling ati. Manunggaling kekarepan. Prasetyaning janji, abot lan enthenge urip bakal disangga bebarengan. Bungah susah dilakoni bebarengan... (*Rianto, PS.1/2004: 43*).

(6) Timbang Pangkon

Adat timbang pangkon ingadicara panggih temanten ngemu teges yen wong tuwane temanten wadon ora mbedak-mbedakake antarane anake dhewe utawa anak mantu. Timbang pangkon uga bisa didheleng ing

cerbung *Punggel* iki. Ing kene, paraga Pak Mitro mangku Samino lan Juwariah. Pak Mitro nimbang abote antarane Samino lan Juwariah. Nalika ditakoni abot endi antarane anake dhewe lan anak mantu, Pak Mitro mangsuli padha abote. Kang beda, ing cerbung iki kang nakoni Pak Mitro ora Bu Mitro, nanging juru paese yaiku Bu Peni. Bisa diawas ing pethikan ngisor:

“Para rawuh ingkang minulya, bilih Pak Mitro ngendikan menawi putra kekalih ingkang dipunpangku sami awratipun, menika ngemu teges, mboten badhe mbedak-mbedakaken antawisipun putra piyambak menapa dene putra mantu. Sedaya badhe dipuntampi, dipungulawenthah kanthi sih katesnan ingkang sami. Makaten ta Pak?” pitakone pranatacara, Pak Mitro manthuk semu clingusan. (*Rianto, PS.1/2004: 20, 43*).

(7) Kacar-Kucur

Kacar-kucur yaiku adat kang dipercaya minangka lambang tampa kaya. Kacar-kucur iki dilakokake dening temanten lanang kang ngucurake guna kaya menyang kacune temanten wadon. Semono uga kang dilakoni dening Samino lan Juwariah nalikaadicara mantenan. Kekarone nglakoni kacar-kucur asok bandha kang ditegesi minangka tandha yen temanten lanang yaiku Samino bakal menehake sakabehe bandhane marang Juwariah. Bab iki bisa diawas ing pethikan rerangkening kedadeyan ngisor iki:

... Kacar-kucur, asok bandha. Samino nyuntak beras kuning saka pincuk ditampani Juwariah sing mangku tombo. Kacar-kucur ngemu teges, yen oleh-olehane Samino mergawe bakal disuntak kabeh marang Juwariah... (*Rianto, PS.1/2004: 43*).

Saka pethikan mau bisa diawas yen ingadicara mantenan Samino lan Juwariah uga ana adat kacar-kucur. Samino kang nyuntakake guna kaya marang Juwariah nuduhake yen Samino bakal menehake sakabehane oleh-olehane mergawe marang Juwariah.

b. Gegambarane Mitos Sajrone Cerbung *Punggel*

(1) Dina Ala

Salah sawijine kapitayan kang tansah diugemi dening masyarakat Jawa wiwit biyen nganti saiki yaiku ngenani dina becik lan dina ala utawa nemtokake penanggalan Jawa. Kanggo nemtokake dina becik lan dina ala, wong Jawa nggunakake petungan. Ing cerbung *Punggel* iki, mitos dina ala isih dipercaya dening paraga Duljapar minangka tanggane Pak Mitro. Duljapar ngandharake rasa grundhele marang Manan, tanggane Pak Mitro uga kang lungguh ing sisih kiwane nalika

resepsi ingadicara neningkahane putrane Pak Mitro. Duljapar ngerti marang dina-dina ala kango mantu. Dheweke percaya yen dina kemis mono dina kang angker, ora apik dienggo mantu. Luwih-luwih dina kemis pon kango dipercaya minangka dina taliwangke. Bisa diawas saka pethikan ing ngisor iki:

“Mati ko’en!” Duljapar grundelan.
“Apa, Cak?” Manan sing lungguh sisih kiwane nrambul.
“Kemis iku angker. Gak bisa digawe mantu!”
“Isa-isa ae pena iki!”
“Dikandhani wong tuwek gak ngandel. Kemis pon iku dina taliwangke. Arane warigames, lambange jalma mati. Salah siji bakal gak dawa umure. Jumlahe limalas dijupuk pitu-pitu kari siji. Etungane tiba tunggak tan semi. Apese bakal gak duwe turun!”. (*Rianto, PS.1/2004: 20*).

Paraga liya kang uga percaya marang dina ala yaiku Pak Mitro, juragan tahu kang sugih mblededhu. Sejatine Pak Mitro ngerti yen dina kemis pon mono dinane ora apik kanggo mantu, nanging dheweke tetep mantu. Kaya-kaya anggone Pak Mitro mantu ing dina kemis pon iku karana disengaja. Percayane Pak Mitro marang dina kemis pon minangka dina kang ala yaiku katilik nalika ana pitakonan saka tanggane. Bisa diawas saka pethikan katrangan wektu ing ngisor iki:

“Kok imboten wayangan mawon?”
“Dinane kurang apik. Mbesuk nek sepasaran rencanaku ngundang Anom.” (*Rianto, PS.2/2004: 49*).

(2) Bubur Sengkala

Ing cerbung *Punggel* iki bubur sengkala uga dipercaya minangka tolak bala, supaya ora kena alangan. Paraga kang percaya lan nggawe bubur sengkala kanggo nolak bala lan satindak lakune urip ing donya iki ora nemu alangan yaiku Mak Samino. Mak Samino kang atine krasa ora kepenak marang kahanane Samino kang wis ora urip awor saomah maneh, mbubur kanggo nyengkalani Samino supaya lakune ora kena alangan. Tumindhake Mak Samino anggone mbubur sengkala bisa diawas saka pethikan rerangkening kedadeyan ing ngisor iki:

“Kok mbubur barang, Mak?” pitakone Sumini karo nyapu jogan.
“Nyengkalani Kakangmu.”
“Kang Kimin?”
“Kang Mino. Satindak lakune supaya gak nemu alangan.” (*Rianto, PS.14/2004: 20*).

(3) Ora Oleh Nangis ing Ngarepe Wong Mati

Ing cerbung *Punggel* iki kapitayan ora oleh nangis ing ngarepe wong mati dipercaya dening paraga Mak Samino. Mak Samino yaiku Ibune Samino kang wis menging Samino rabi karo Juwariah. Mak Samino percaya yen wong mati ditangisi iku ora apik, bisa gawe dalane peteng. Kapitayan marang mitos iki dituduhake Mak Samino nalika ngelingake marang Sumini kang nangis merga ngerti Kakange wis ora ana. Kawawas saka pethikan pamaragane Mak Samino kanthi cara dramatik ing ngisor iki:

“Aja nangis ndhuk ngarepe wong mati. Gak apik, mundhak dalane Kakangmu peteng. Lakune kesrimpet-srimpet!” Mak Samino ngelingake. Swarane serak abot, jalaran Mak Samino rasane uga ora kuwawa nyingga luh sing kumudu ambrol. Sukimin menyat lan jumangkah menyang latar. Nanging banjur clula-clulu bingung. (*Rianto, PS.16/2004: 19-20*).

Pethikan ing dhuwur cetha yen Mak Samino percaya yen nangis ing ngarepe wong mati iku bisa gawe dalane wong kang mati peteng lan lakune kesrimpet-srimpet. Mak Samino ora kepengin yen dalane Samino nuju ngarsane Gusti Allah peteng, mula dheweke ngelingake marang Sumini supaya ora nangisi. Sejatine Mak Samino uga abot kelangan siji anak lanange, nanging dheweke bisa ngempet supaya ora nangis ing ngarep mayate Samino.

(4) Pralambang Ngimpi Ditekani Wong Tuwa Kang Wis Ora Ana

Wong Jawa nduweni kapercayan yen sajrone impen mono sejabine mujudake pralambang utawa pratandha kanggo sawijine pawongan. Impen bisa menehi pratandha apik utawa pratandha ala marang wong kang nandhang ngimpi. Ngimpi sajrone cerbung *Punggel* iki akeh dialami dening paraga-paragane, salah sawijine yaiku paraga Samino kang ngimpi ditekani wong tuwane kang wis ora ana. Samino ngimpi dituntun Bapake dijak lunga saparan-paran, nganti dipeksa mlebu guwa.

Ngimpi ditekani wong tuwa mono nduweni teges loro. *Sepisan*, yen ngimpi ditekani wong tuwa kang wis ora ana banjur dijak lunga adoh mertandhani yen uripe wong kang ngimpi mau wis ora dawa maneh. *Kaloro*, yen mung ngimpi ditekani wong tuwa tanpa dijak lunga adoh pertandha yen kuburane suwe ora disambangi.

(5) Pralambang Ngimpi Untu Nduwur Pupak

Pralambang impen ing cerbung iki uga dialami dening paraga Sukimin. Sukimin yaiku adhike Samino kang ora setuju yen Samino rabi karo Juwariah. Sukimin luwih seneng yen Samino rabi karo Asri yaiku pacare,

sadurunge tepung karo Juwariah. Senajan Sukimin wis gela banget marang Samino, nanging dheweke isih oleh pralambang nalika kahanane Samino rada ora sehat. Dultur iku nduweni sesambungan batin kang kuwat. Yen salah siji saka dulure ana apa-apa mesthi ana kang antuk pralambang utawa pratandha, nanging kabeh iku mbalik marang pawongane maneh bisa mangerteni pralambang kasebut apa ora. Semono uga kang dialami dening Sukimin. Sukimin ngalami ngimpi untu ndhuwure pupak. Ngimpi untu ndhuwur pupak mono dipercaya dening masyarakat minangka pratandha yen bakal kelangan salah siji saka kaluwargane. Bisa diawas saka pethikan rerangkening kedadeyan ing ngisor iki:

Sukimin mangap-mangap.

“Sik jangkep, Mak?” pitakone karo mangap saya amaba. Mak Samino nyoba nontoni.

“Ngimpi prasaku untu sing ndhuwur coplok!” (*Rianto, PS.14/2004: 20*).

(6) Pralambang Ngimpi Anak Didandani Kaya Penganten

Kejaba paraga Samino lan Sukimin, paraga liya kango uga ngalami impen minangka pralambang yaiku paraga Mak Samino. Nalika rasa awake wis ora penak, pikirane wis semrawut amarga akeh pituduh-pituduh kang nggamarake yen bakal ana apa-apa marang kaluwargane, Mak Samino isih oleh pralambang liya maneh kang gawe atine goreh. Mak Samino kang suwe ora bisa turu, lagi turu sedela wae wis oleh impen ala. Mak Samino ngimpi yen Samino, anak kang kerikeri iki tansah ana sajrone pikirane dandan kaya mantan lan didusi dening wong akeh. Bisa diawas ing pethikan katrangan wektu ing ngisor iki:

... Mak Samino sumendhe nglokro. Lan kagawa awak lungkrah tur sayah, Mak Samino keturon. Nanging lagi kira-kira telung menitan gendadapan tangi. Mak Samino ngimpi kaya weruh Samino dandan cara penganten. Banjur didusi wong akeh. (*Rianto, PS.15/2004: 43*).

(7) Pralambang Pigura Ceblok

Pralambang isih dipercaya dening saperangan masyarakat. Masyarakat kang magerteni marang anane pralambang bisa ngati-ati sajrone tumindake. Salah sijine yaiku pralambang anane pigura ceblok. Masyarakat percaya yen ana pigura ceblok tanpa ana kang nyenggol biyasane pratandha yen bakal ana apa-apa marang kaluwargane. Ing cerbung *Punggel* iki pralambang pigura ceblok dialami dening paraga Mak Samino. Mak Samino kang lagi sholat magrib dikageti anane swara pigura ceblok. Pranyata kang ceblok pigura kang ana fotone

Samino. Foto kang asale katon mesem malih dadi pating plethot amarga kacane pigura rengat. Bab iki bisa diawas saka pethikan rerangkening kedadeyan ngisor iki:

Aneh. Pakune isih tumancep. Canthelan pigura ora rusak. Ora krung semliwere kucing utawa clurat-clurute tikus. Mokal yen pigura kuwi ceblok jalanan dipancal kucing utawa disrondhol tikus. Uga ora krasa tumiyupe angin sing ngontang-antingake pigura. Saupama ana angin mesthi taplak meja kuwi nglingkap utawa malah bisa mabur. Pigura ditintingi maneh. Fotone Samino sing pating plethot disawang kanthi ati nelangsa. Pigura diglethakake meja. Banjur jumangkah lan ngadeg ngarep lawang. Ing sesawangan kang saya peteng, Mak Samino kaya-kaya kepengin ngerteni bakal kedadeyan apa maneh sing dumadi ing kulawargane. (*Rianto, PS.13/2004: 43*).

(8) Pralambang Ketiban Cecak

Sajrone kabudayan Jawa, ketiban cecak dianggep minangka salah sawijine pralambang utawa pratandha. Ketiban cecak dipercaya dening masyarakat Jawa minangka pralambang ala. Masyarakat percaya yen ketiban cecak mono pralambang bakal ana alangan utawa kaluwargane ana kang arep mati. Ing cerbung *Punggel* iki, ketiban cecak dialami dening paraga Sumini. Sumini kang nalika iku lagi sinau ing kamare, dumadhakan dicebloki cecak ing pundhake. Sumini kang sadurunge anteng anggone sinau langsung jerit-jerit amarga ketiban cecak. Mak Samino lan Sukimin kang lagi cecaturan kaget keprungu jerite Sumini saka kamar. Mak Samino lan Sukimin banjur nyedhak menyang kamare Sumini. Bisa ditilik ing pethikan kang nuduhake katrangan wektu ing ngisor iki:

“Ana apa?”

“Cecek”, wangslane karo mewek. Sukimin cilengan nggoleki.

“Wong gak ana apa-apa ngene kok!”

“Cecak, Kang. Iki Ih. Iki nibani pundhakku” Sumini ngeyel karo nyableki pundhak kiwane. Sukimin bali cilengan nggoleki. (*Rianto, PS.14/2004: 19*).

(9) Pralambang Kucing Munggah Meja

Ing masyarakat Jawa, kewan kang bisa dadi pralambang mono akeh banget. Salah sawijine yaiku kewan kucing. Ing cerbung *Punggel* iki kewan kucing uga dadi pralambang. Paraga kang diwenehi pralambang lewat kucing yaiku paraga Mak Samino. Mak Samino

kang awake wis lungkrah jalaran oleh akeh pralambang-pralambang ala kang dumadi ing kaluwargane, dumadakan dikageti anane kucing kang munggah meja. Kucing kasebut mung mberot-mberot ing ndhuwur meja, digusah ora gelem ngalih. Bisa ditilik ing pethikan rerangkening kedadeyan ing ngisor iki:

Sumini bali mbacutake sinaune, lan
Mak Samino sing lagi wae
ndengengek, ambegane kaya dadakan
mandheg, jantunge copot jalaran weruh
kucing mlumpat munggah meja.
Digusah-gusah mung mberot muter-
mutter karo mulet. Mencereng nyawang
Mak Samino... (*Rianto, PS.15/2004: 43.*)

(10) Pralambang Swara Manuk Kukuk Beluk ing Ndhuwur Wuwungan

Kewan liya kang dadi pralambang ing cerbung *Punggel* iki yaiku manuk kukuk beluk. Manuk kukuk beluk uga menehi pralambang ala marang kaluwargane Mak Samino. Masyarakat desa percaya yen ana manuk kukuk beluk iku pralambang bakal ana wong mati. Mak Samino kang awake wis lungkrah semono uga pikirane wis ruwet ora pati ngegatekake nalika ana swara manuk kukuk beluk ing ndhuwur wuwungan. Mak Samino wis kesel saka anane pralambang-pralambang kang dumadi ing kaluwargane. Saka kesele, Mak Samino nganti ora sadar keturon kanthi sumende nglokro. lagi sedela anggone keturon, Mak Samino wis gedandapan tangi Ora let suwe, manuk kukuk beluk muni maneh. swarane manuk kukuk beluk wis gawe atine Mak Samino saya ora karu-karuwan. Pikirane Mak Samino kang wis dikebaki dening teges saka pralambang-pralambang kang wis ana saya ndadi. Mak Samino wis krasa yen bakal ana kedadeyan kang ora dikarepake. Mak Samino krasa yen pralambang-pralambang iku bakal kedadeyan marang Samino.

c. Gegambarane Mistik Sajrone Cerbung Punggel

(1) Golek Pesugihan

Sajrone budaya Jawa dimangertenin ana ilmu pesugihan. Pesugihan yaiku sawijine ilmu utawa ritual kang digunakake kanggo ngentukake bandha kanthi cara cepet tanpa kudu kerja kang mempeng. Ing cerbung *Punggel* iki uga digambarake manungsa kang sugih kanthi cara golek pesugihan. Paraga kang dipercaya golek pesugihan ing cerbung iki yaiku paraga Bu Mitro. Asale, Bu Mitro lan Pak Mitro garwane yaiku mung wong cilik kang nyambut gawe ing pabrik tahu. Pak Mitro manggon ing omah anggone ngontrak kang gedhene mung sakamar. Kahanan kang kaya mangkene iki kang ndadekake Bu Mitro nggolek pesugihan supaya cepet sugih. Durung suwe anggone nggolek pesugihan,

wis bisa ngowahi panguripan kaluwargane Bu Mitro. Bab iki bisa diawas saka pethikan rerangkening kedadeyan ing ngisor iki:

... Saka ngendi asal-usule Pak Mitro ora ana sing ngerteni. Pak Mitro lan Bu Mitro bebarengan nyambut gawe ing Pabrik Tahu. Saben malem Kemis, Bu Mitro ajeg gawe bubur abang lan ngeteri tanga-tanggane. Ngancik nem wulan, Pak mitro dadi mandor, nggajuli Umar sing pijer lelaranen. Sakawit Pak Mitro mung tukang giling. Bu Mitro sing sakawit tukang nggiles dhele, uga dipercaya dadi tukang blanja, nggajuli Supartinah sing dadakan njaluk metu, jalaran ora krasan. Sawise Pak Mitro dadi mandor lan Bu Mitro dadi tukang blanja, rejekine tansah mbanyu mili. Apamaneh apa sing diomongake Pak Mitro tansah disarujuki. Durung ganep setaun, omah sing dikontrak didhuwiti. (*Rianto, PS.16/2004: 45.*)

(2) Merdhukun

Ing masyarakat Jawa, dhukun dikenal kanthi aran wong pinter. Dhukun ing cerbung *Punggel* iki miturut jinis dhukun kalebu dhukun klenik. Dhukun klenik yaiku dhukun kang bisa menehi guna-guna utawa kakuwatan gaib liyane. Paraga kang percaya lan kerep tindak ing dhukun ing cerbung iki yaiku paraga Bu Mitro. Bu Mitro percaya banget karo kang jenenge dhukun, mula yen ana apa apa-apa njaluk pitulungan marang dhukun kang wis dipercaya yaiku Misdi. Tumindake Bu Mitro menyang omahe Misdi ora liya yaiku njaluk pitulungan supaya dadi sugih.

Kejaba paraga Bu Mitro, paraga liya kang percaya lan kerep merdhukun yaiku paraga Juwariah, ora liya anake Bu Mitro dhewe. Senajan isih sekolah, Juwariah wis diajari menyang dhukun dening Bu Mitro, mula yen dijak menyang omahe Misdi wis ora kaget. Juwariah kulina merdhukun wiwit dijak Bu Mitro kanggo mageri awak. Bisa diawas ing pethikan katrangan wektu ngisor iki:

Juwariah keliling nalika sepisanan dijak merdhukun, sing jarene kango mageri awak. Uga supaya akeh wong lanang sing ketarik, jalaran katone malah saya ayu... (*Rianto, PS.10/2004: 20.*)

(3) Nglakoni Ritual

Ritual mujudake sawijine upacara kang dilakoni dening masyarakat utawa manungsa dhewe kanthi cara *individual*. Ritual bisa uga diarani minangka adat, amarga biyasane ritual kang dipercaya lan dilakoni dening

masyarakat mujudake budaya kang kudu dilakoni saben taun. Beda karo ritual kang dilakoni dening manungsa kang nglakoni ritual kanthi cara *individual*.

Ing cerbung *Punggel* iki ritual dilakoni dening paraga Bu Mitro, Juwariah, lan Misdi. Bu Mitro lan Juwariah anake wadon kang kerep tindak menyang omahe Misdi, mesthi nglakoni ritual yen njaluk pitulungan marang dhukun iki. Bu Mitro kang panceun sugih karana nggolek pesugihan kanthi cara merdhukun iki kudu nglakoni ritual manut kang diaturake dening Misdi. Bu Mitro kerep nglakoni ritual ing omahe Misdi. Wong loro bebarengan nglakoni sawijine ritual minangka prasyarat kang diaturake dening Misdi. Kejaba paraga Bu Mitro, uga ana paraga liya kang kudu nglakoni ritual yaiku Juwariah, anake Bu Mitro. Sepisanan Juwariah dijak menyang omahe Misdi kanggo mageri awake lan supaya katon ayu saengga akeh wong lanang kang ketarik. Panjaluke Bu Mitro marang Misdi supaya anake kaya mangkono ora cukup ngomong wae. Juwariah uga kudu nglakoni ritual-ritual dhisik apadene Bu Mitro.

(4) Nggunakake Sesajen

Sesajen mujudake warisan budaya Hindu dan Budha kang dilakoni kanggo muja para dewa, roh tartamtu utawa kang nunggu papan panggonan (wit, watu, dalan) lan liya-liyane kang dipercaya bisa nekakake kabegjan lan nolak alangan. Sesajen uga nduwensi teges minangka tandha kormat utawa rasa sukur marang sakabehane kang wis dumadi marang pawongan utawa ing masyarakat, cundhuk karo wisik gaib saka dhukun.

Ing cerbung *Punggel* iki, panganggone sesajen isih dipercaya dening paraga Bu Mitro. Bu Mitro kerep nyepakake sajen ora karana adat masyarakat, nanging amarga kanggo nyepaki demit kang dadi prewange. Saben dina Rebo malem Kemis Pon, Bu Mitro mesthi menehi sesajen ing ngisor wit jeruk kang ana ing ngarep omahe. Bu Mitro kudu menehi sesajen iku amarga wis dadi janjine marang makhluk gaib kang dadi prewange kasebut. Makhluk gaib kang dipercaya Bu Mitro minangka prewange iku awujud munyuk. Dene sesajen kang prelu diwenehake dening Bu Mitro yaiku bubur abang. Babagan iki bisa diwawas saka pethikan katrangan wektu ing ngisor iki:

Bu Mitro sing lagi wae ngengakake lawang kamar njomblak. Lawang gageyan bali ditutup lan dikunci. Karo manthuk-manthuk nyawang munyuk sing thenguk-thenguk ndhuwur bantal. Bu Mitro lagi kelingan yen dinane malem Kemis Pon. Sadurunge surup kudune wis nyepaki bubur abang ing tampah diselehake pojok pekarangan, ngisor wit jeruk. Yen nganti kasep kudu ana lirune. (Rianto, PS.13/2004: 20).

(5) Anane Badan Alus

Badan alus ora bisa uwat saka panguripane manungsa. Badan alus kang dikarepake kasebut yaiku makhluk astral kang urip ing sakupenje manungsa tanpa bisa disawang nanging kerep dibayangake lan dirasakake. Wujude badan alus iku maneka warna. Badan alus uga ana kang awujud kaya kewan. Sajrone cerbung *Punggel* iki ana badan alus kang awujud memedi. Memedi yaiku badan alus kang seneng ngriwuki utawa medeni manungsa, nanging ora nganti ndadekake manungsa lara utawa mati. Paraga kang meruhi memedi ing cerbung *Punggel* iki yaiku paraga Samino. Samino kang nduwensi pikiran bakal urip mulya sawise rabi karo anake juragan tahu pranyata kliru. Saben awan Samino ing omah ijen, Juwariah sekolah, maratuwane yaiku Bu Mitro lan Pak Mitro repot ngurusi usahane anggone bakulan tahu ing pasar yen wayahé bubar mahgrib lagi mulih. Samino kang kerep ijen ing omah pikirane ora bisa ayem. Sawijine dina Samino krungu swara klesak-klesik, kamangka ora ana uwong. Bisa diwawas saka pethikan kang nuduhake rerangkening kedadeyan ing ngisor iki:

Samino kaya krungu swara klesak-klesik, ditiling-tilingi kaya cedhak lawang, atine nratap. Maling? Batine sujana. Mlayu menyang pawon, nyaut alu wesi sing tumumpang lumpang kentheng. Banjur kanthi jinjit-jinjit bali menyang ruwang tamu. Swara klesak-klesik bali dirungu. Ngati-ati kordhen dibiyak. Ora katon sabawane wong. Samino cilengan, ora nemoni apa-apa, kamangka swara sing dirungu cetha banget. Saupama mlaku utawa mlayu mesthi isih bisa nyipati, Samino bali mapan lungguh, bali nyoba ngrerimuk ati lan nentremake pikiran, lan bali nratab, dhadha kumesar, swara klesak-klesik dirungu maneh. (Rianto, PS.4/2004: 19).

Kejaba memedi, ing cerbung *punggel* iki uga ana badan alus kang awujud kewan yaiku munyuk. Munyuk ing kene ora munyuk sabangsane kewan biyasa. Munyuk iki mujudake demit kang dipercaya dadi prewangane Bu Mitro supaya bisa sugih. Ana demit kang dipercaya bisa ngewangi manungsa supaya dadi sugih, nanging anggone njaluk pitulungan demit kasebut uga ana syarate. Yen syarate ora dijangkepi, munyuk mesthi mara-mara ngetok.

PANUTUP

a. Dudutan

Saka andharan ing bab IV bisa didudut menawa tema-tema kang dominan sajrone cerbung *Punggel* iki

gegayutan marang perangan kabudayan Jawa kang isih dipercaya dening bebrayan Jawa. Perangan kabudayan Jawa kang ana sajrone cerbung *Punggel* kaperang dadi telu. Sepisan, adat panggih temanten Jawa sajrone cerbung *Punggel* ana pitung werna, yaiku 1) balang gantal; 2) ngidak endhog lan wijik sekar setaman; 3) unjuk tirta wening lan sinduran; 4) sungkeman; 5) dulang pungkasan lan dhahar saklimah; 6) timbang pangkon; 7) kacar-kucur. Adat panggih temanten mujudake sawijine perangan kabudayan Jawa kang isih tansah diugemi, mula ing cerbung iki adat kasebut mujudake sawijine tema kang cukup katon dominan.

Kaloro, mitos sajrone cerbung *Punggel* wujude ana sepuluh, yaiku 1) dina ala; 2) bubur sengkala; 3) ora oleh nangis ing ngarepe wong mati; 4) pralambang ngimpi ditekani wong tuwa kang wis ora ana; 5) pralambang ngimpi untu ndhuwur pupak; 6) pralambang ngimpi anak didandani kaya penganten; 7) pralambang pigura ceblok; 8) pralambang ketiban cecak; 9) pralambang kucing munggah meja; 10) pralambang swara manuk kukuk beluk ing ndhuwur wuwungan. Mitos mujudake kapitayan kang angel diilangi. Mitos duweni gegayutan karo adat-istiadat utawa budaya kang sipate isih tradisional, utamane masyarakat kang isih percaya marang animisme lan dinamisme. Katelu, mistik sajrone cerbung *Punggel* wujude ana limang werna, yaiku 1) golek pesugihan; 2) merdhukun; 3) nglakoni ritual; 4) nggunakake sesajen; 5) anane badan alus. Mistik mujudake perangan kabudayan Jawa kang gegayutan marang bab-bab gaib kang ora kagayuh dening akale manungsa.

b. Pamrayoga

Cerbung *Punggel* anggitane Ismoe Rianto iki salah sawijine carita fiksi kang apik, mligine tumrap sastra Jawa. Cerbung iki bisa dadi tuladha ing panguripane bebrayan Jawa, amarga ngandhut akeh perangan kabudayane masyarakat Jawa. Kabudayan kasebut uga isih akeh ditemokake ing masyarakat jaman saiki, mula ora nggumunake yen ana pangripta kang ngangkat babagan kasebut sajrone ngrifta reriptan fiksi.

Panliten iki mung sawijine panliten, kang nyoba ngonceki sawijine crita fiksi, amrih pamaos bisa luwih gampang mangerten, ngresipi, lan uga napsirake sawijine reriptan sastra. Panliten iki akeh banget kurange, ing tembe mburine muga-muga ana panliten liya ngenani reriptan sastra Jawa modern, kang luwih sampurna lan luwih becik saka panliten iki.

KAPUSTAKAN

- Damono, Sapardi Djoko. 1993. *Novel Jawa Tahun 1950-an: Telaah Fungsi, Isi, dan Struktur*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Depdikbud
- Endraswara, Suwardi. 2010. *Falsafah Hidup Jawa*. Yogyakarta: Cakrawala
- _____. 2006. *Mistik Kejawen: Sinkretisme, Simbolisme, dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta: Narasi
- _____. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Media Pressindo
- Geertz, Clifford. 1989. *Abangan, Santri, Priyayi dalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Jaya
- Hasan, M Zaini. 1990. Karakteristik Penelitian Kualitatif dalam: *Pengembangan Penelitian Kualitatif: dalam Bidang Bahasa Dan Sastra*. Malang: YA 3 Malang
- Koentjaraningrat. 1980. *Sejarah Teori Antropologi I*. Jakarta: UI Press
- Moleong, Lexi J. 2010. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya
- Nurgiyantoro, Burhan. 2005. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Poerwadarminta, W.J.S. 1937. *Baoesastra Djawi*.
-
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Antropologi Sastra: Peranan Unsur-unsur Kebudayaan dalam Proses Kreatif*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
-
- _____. 2009. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Sudikan, Setya Yuwana. 2007. *Antropologi Sastra*. Surabaya: UNESA University Press
- Sukarmen. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa (Antropologi Budaya)*. Surabaya: _____
- Suwondo, Tirto LKK. 2006. *Antologi Biografi Pengarang Sastra Jawa Modern*. Yogyakarta: Adiwacana
- Widodo, Tuhu. 2006. *Tata Upacara Pernikahan Adat Jawa*. Surabaya: _____
- Wikipedia. 2012. *Budaya Jawa (Online)*, (<http://id.wikipedia.org>, diakses tanggal 10 Januari 2013)